Казбек районалъул газета
# Чапар
Вестник

12+ № 35 (98939) 10 сентябрь 2021 с. /Рузман 3 Сафар 1443 с./ багьа - эркенаб redakciya-chapar@mail.ru




*День единства народов Дагестана – республиканский праздник, который отмечается ежегодно 15 сентября, начиная с 2011 года. Он установлен согласно Указу (№14 от 06. 07. 2011 г.) президента республики, в целях единения и консолидации многонационального народа Дагестана и является официальным выходным днем.*

### Уважаемые казбековцы!

15 сентября наша республика отмечает один из главных государственных праздников – День единства народов Дагестана.

Этот праздник для тех, кто твердо осознает ценность и силу многовековой братской дружбы, проявляет подлинное уважение к общей истории, следует идеям сохранения мира и согласия в обществе, искренне любит и верит в Дагестан. Этот праздник для каждого из нас.

От всего сердца поздравляем вас с праздником, желаем каждой семье мира, благополучия, успехов в труде на благо Дагестана и Великой России.

**Глава МР «Казбековский район» Г.Г. МУСАЕВ**
**Председатель Собрания депутатов Г.М. ГИРИСХАНОВ**

15 сентября все дагестанцы отмечают любимый всеми нами праздник – День единства народов Дагестана. Его смысл и значение имеют глубокие исторические и духовные корни.

Многонациональный наш народ веками жил в согласии и добрососедстве, сообща защищал родную землю.

Поздравляю вас с праздником! Желаю всем вам здоровья, мира, согласия и благополучия.

**Депутат НС РД М.-п. (К.-п.) Д. УМАХАНОВ**

## Районалъул администрациялда...



7 сентябралда районалъул администрациялда тIобитIана 17-19 сентябралда тIоритIизе ругел рищиязда хурхараб данделъи. Районалъул бетIерасул заместитель Б.С. Нуцаловасул нухмалъиялда тIобитIараб гьеб тадбиралда гIахьаллъана рищиязул территориалияб комиссиялъул председатель ХI. Темиркъаев, отделазул начальникал, учреждениябазегун организациябазе нухмалъулел, росабазул бутIрул ва участковыял комиссиябазул председателал.

Данделъиги рагьун, Б. Нуцаловас абуна: *«Бищунго кIвар кьезе кколеб суал буго рищиязде хIадур, ай, гьенир киналниги хIажатал шартIал чIезарун рукIин»*,-ан.

ХI. Темиркъаевас гьениб тIадчIей гьабуна рищиязул участкабазда пандусал, сейфал, махх-мачI кодоб букIин бихьизабулел аппаратал, видеофиксаторал, вебкамераби ва цогидаб хIажатабщинаб рищиязул киналниги участкабазда чIезарулел рукIиналда.

Б. Нуцаловас росабазул бутIрузда лъазабуна участкабазда ругел гIунгутIаби тIагIинариялда тIад хIалтIеян ва, гьоркьобкъотIи гьечIого, участкабазда ток чIезабиялде кIвар буссинабеян.

**Нижер мухбир**

## Республикаялъул оперативияб штабалда...

5 сентябралда, республикаялъул бетIерасул ишал тIуралев С. Меликовасул нухмалъиялда, тIобитIараб оперативияб штабалъул халгьабиялде босун букIана «КОВИД - 19» инфекциялде дандечIеялда сверухъ бугеб ахIвал - хIалалда хурхараб суал. Жиндирго кIалъаялда С. Меликовас абуна: *«Гьеб унтиялда хурхараб ахIвал-хIал жеги захIматаб буго, гьабсагIаталда больницабазда ругезул къадар 3500 чиясде бахуна, гьезул 200-ял захIматго унтарал руго»*,-ян. Гьединго, С. Меликовас гьениб рехсана вакцинация гьабиялда сверухъ бугеб ахIвал-хIал ва абуна вакцина гIураб къадаралда чIезабун бугилан.



Гьес тIадчIей гьабуна цIалул сон байбихьун букIиналда ва гьеб, кколеб къагIидаялда, нухда тIамизе ккеялда.

Россиялъул ПачалихъияБ Думаялдегун Дагъистаналъул Халкъияб Собраниялде (17-19 сентябрь) депутатал рищиязул участкабазул цIикIкIунисеб къадар школазда букIиналъ, хасаб кIвар кьезе ккола цIалдохъабазулги рищиязде рачIунезулги «нухал цоцазде журазе» риччангутIиялдеян абуна С. Меликовас.

**Нижер мухбир**

3 сентябрь-терроризмалде данде къеркьеялъул къо

## Терроризмалъул къурбанал ракIалде щвезаруна




Нилъеда лъала, 3 сентябрь терроризмалде данде къеркьеялъул къо- лъун лъазабилъе гIилла, щай абун, гьелъул хIакъалъулъ гIемер хъван ва бицун букIана. БукIаниги, цIидасан гьелъул бицен гьаби ккола терроризмалъул хIасилалда гIумруялдаса ратIалъаразе (гьезул хIурмат гьабун )бетIер къули, гьел рекIелъ цIуни цIигьаби.

Узухъда, Бесланалда ккараб теракталде щвезегIанги гIемерал теракталрукIана, амма вахIшилъиялъул рахъалъ гьелде бачIараб теракт (1-3сентябрь) цониги букIинчIо. Гьелъин 3 сентябрь терроризмалде данде къеркьеялъул къолъунги лъазабураб. Гьеб къоялда хурхарал гIезегIанго тадбирал тIоритIана нилъер районалъул ЦТКНРалъул, культураялъул рукъзазул, библиотекабазул хIалтIухъабаз, школазда, лъималазул ахазда тарбия кьолез.

«Терроризмалъ дунялалда цIа гьола», «Террор гьечIеб букIинесеб», «КIочонге Беслан», «Нилъер заманалъул терроризм» ва цогидалги цIаразда гьоркь тIоритIарал гьел тадбиразда тIадехун рехсарал хIалтIухъабаз бицана терроризмалъул хIакъикъат, цолъун, гьелде данде къеркьезе ккеялъул ва терактазул хIасилазда гIумруялдаса ратIалъарал кIочон тезе бегьунгутIиялъул. Гьединго, гьел тадбиразда рикIкIана ва ахIана кучIдул, рихьизаруна видеороликал, слайдал ва зодире шарал хъахIал риччана.

**А.ДИБИРОВА**

Гьаб номералда нужеца цIализе бегьула

гьум. 2 ЗахIмалъаби дандчIвана, амма хIехьана

гьум.3 Цолъиялъулъ нилъер къуват

гьум.4 Эбелалъул гьалатI

*15 сентябрь – Дагъистаналъул халкъ цолъиялъул Къо*

# ЗахIмалъаби дандчIвана, амма хIехьана




Дагъистаналъул халкъ цолъиялъул къолъун 15 сентябрь лъазабуна 2011 соналъул 6 июлалда.

Нилъеда тарихалдасан лъала Дагъистаналъул миллатазда гьоркьор кидаго щулияб бухьенал рукIараллъи. Хасго гьел загьирлъулаан тIаде къо ккараб заманалда. Гьелъин кинал рукIаниги тушбабазда Дагъистан мутIигI гьабизеги кIвечIеб. Цебегоялдаса нилъер миллатазда гьоркьор цIакъ тIиритIараллъун рукIана дармил бухьеналги. Гьездаго цадахъ, камун рукIинчIо цоцазулъ ригьнал гьариялъул хIужабиги. Гьел хIужаби лъалаго цIикIкIана Советияб власталъул заманалда. Гьай-гьай, нилъеда лъала гьединал хIужабаз дагьалъги миллатазда гьоркьорлъаби щула гьарулеблъи.

Нилъер районалда дагьал гьечIо, батIи-батIиял миллатазул ясалгун, гIолилаз жидерго гIумру бухьинабиялъул хIужаби. Узухъда, гьезул къадар цIикIкIун букIуна чIахIиял росабалъ.

Дагьал церегIан къояз дун дандчIвана Дилималдаса Зайирхан Джайрулаевгун гIумру бухьинабурай лъарагIазул яс Патай Забитовна Джайрулаевагун ва дица гьелда гьарана жиндирго гIумруялъул хIакъалъулъ бицеян.

Угьун хIухьелги биччан, жиндирго пикраби цойиде ккезарулей кинниги, цодагьалъ юцIцIунги чIун, гьелъ бицана:

- Дун гьаюна 1947 соналъ Гъизилюрт районалъул Чонтаул росулъ. Узухъда, дир лъимерлъи доб заманалъул цогиял лъималаздаса батIияблъун букIинчIо. Дица росдал школалда, 7 классалда цадахъго, лъугIизабуна 8 классги ва дун лъугьана Хасавюрталъул педагогическияб училищеялда. Гьений цIалулеб заманалда дир лъай-хъвай ккана Дилималдаса Зайирхан Джайрулаевгун. Гьев соназ дидаса кIудияв вукIана, къокъ гьабун абуни, дун цIалулеб заманалда гьев хIалтIулев вукIана. ЦIакъго гьесул ракIалъ дун йосиялъул гIаламатлъун ккола, дун гьарун рачIарал цо чанго нухалда нахъчIваниги, гьес дидаса инкар гьабичIеблъи. Ахирисеб нухалда рачIунезда цадахъ, дун гьеб заманалда ункъгIалалъул рукъой йикIана, живго Зайирхан вачIун вуго, ва гьес дир инсуда лъазабун буго: «Нужеца гъансинийги лъун нужерго яс хьихьаниги, дица гьей хъамунги, ячинчIого тезе гьечIо», - ян. Кинабго бичIчIарав дир инсуца Зайирханил эбел-инсуда цере лъуна, дидаса инкар гьабилародаян, захIматал масъалаби, амма гьез гьел тIуразаруна. Гьедин, ригьин гьабичIого, жив ворчIилародаян дир инсул рукIарал хьулал Зайирханица щущахъ риххизаруна ва эмен ригьин гьабиялъе мутIигIлъизе ккана.

Дунги Зайирхангi 1966 соналъ данделъана. Бихьаразда лъала, байбихьиялда лъалареб мацIалъ, батIиял гIадатаз ва цогидалъги гьарулел квекIенал, дандчIвалел захIмалъаби. Дун байбихьул классазда хIалтIизе лъугьана. ГIурус мацIалда гурони гьезда кIалъазе лъаларей дун, гьеб бичIчIунарел лъимал, цебе чIезабуразда бичIчIина кигIаналъ дие захIмат букIарабали. Гьеб заманалда, щиб гьабилеб лъаларого, дун гIемер гIодулаан, амма гIодиялъ кумек гьабизе гьечIеблъиги дида лъалаан. Дица хIаракат бахъана магIарул мацI ва гIадатал лъазаризе. Дагь-дагькку, дида кинабго бажарана. Дие цIакъ кумек гьабулаан росас, гьесул гIагарлъиялъ, цадахъ хIалтIулез ва дида цере цIалулел рукIараз. Гьале, 55 сон ана дун гьание ячIаралдаса. Гьеб заманалда жаниб гIемерал захIмалъаби дандчIвана, амма дица гьел хIехьана, дун гьезие къуркьичIо. Цоги, цо нухалданиги дир ракI бухIичIо Зайирхангун гIумру бухьинабиялда. Узухъда кинабго цадахъаб гIумру роцIараблъун лъилниги букIунаро, амма сабруялда рукIин ккола гьелъул кьучIлъун.

Дие лъимал цIакъ рокьулаан, гьелъин дун педучилищеялде цIализе арайги. Дица цIакъ хIаракат бахъулаан лъималгун, гьезул умумулгун гьоркьорлъаби лъикIаллъун рукIинаризе, дида цониги хIужа ракIалда гьечIо лъималазде дун ягъараб ва гьезул ракI дица лъукъараб.

Къокъаб заманалда дица лъазаруна магIарул мацI ва гIадатал, дие яшав гьабизеги гIезегIанго бигьалъана. 26 соналъ дун Дилим росдал №1 (гьанжесеб лицей) ва хадусан 5 соналъ №2 (гимназия) школазда хIалтIана. ГьабсагIаталда дун районалъул лъималазул реабилитационнияб Централда хIалтIулей йиго. Гьеб бигьаяб хIалтIи бугилан дица абиларо, щай абуни, сакъатал лъималазе хIажалъула хасаб бербалагьи. Дида ракIалдаса унаро цо гьадинаб лъугьа-бахъин, гьелдаса къогониги сон ун батила. Нижехъе вачIана Дилим росулъа Муслим Эмечов. Дир кIалъаялъулъ хиса-баси бихьарав гьес дида гьикъана: **«Мун щиб миллаталъул?**»-ан. Дица гьеб бицана. Лъималазе хIалтIиги кьун, дун Муслимихъ ялагьана, амма гьес гьелдехун пикруго буссинабичIо. Дица гьелъие гIилла цIехедал, гьес абуна: «Дица лъарагIалъ абураб гьабизе гьечIо», - ян. Дица гьесул рекIелъеги нух бахъана.

Диеги Зайирханиеги 7 лъимер бижана (3 васги 4 ясги). Къисматалъул нухал лъазе нилъее кьун гьечIо. Дир кIиго вас гIумруялдаса ватIалъана. Дида кколаан дида гIадинал захIмалъаби дандчIварал чагIи гIемер ратизе гьечIин, амма васаздаса ятIалъараб заманалда дида бичIчIана гьелдаса кIудияб кинаб букIаниги захIмалъи гьечIеблъи. Щиб гьабилеб, Аллагьас хъвараалдаса рорчIизе бакI нилъее гьечIо, бачIарабги хIехьон рукIани гурони. Дица кидаго гьарула, я, БетIергьан, дие сабру кьеян. Цогидал нижер лъимал руго жиде-жидер яшавалда. ГьабсагIаталда, цIикIкIунисеб заманалда, дун дунго цохIо йикIуна рукъой, узухъда, щола лъимал, гIага-божарал, мадугьалзаби, дир рукIарал цIалдохъаби ва гь. ц. РачIине щвечIони, телефоналдасан кIалъанги, гьез диргун бухьен гьоркьоб къотIизе толаро. Кин бугониги, Зайирхангун (жиндир мунагьал чураяв, гьев гIумруялдаса ватIалъана 2015 соналъ) лъималгун цадахъ букIараб гIумруялда гьаб гIумру щибниги релълъунаро. Щиб гьабилеб, инсанасул къисмат гьединаб буго.






Гьале, ракIгъеялъе дица гьадинал хIалтIаби гьарула. Гьелъ дида рихьизаруна къадазда рарал, бакI-бакIазда лъурал, батIи-батIиял къагIидаби хIалтIизарун, гьарурал суратал, къайи-цIа ва гь. ц. Гьенир ругоан махщалида гьарурал, рамкабазда жанир лъурал, къачIарал суратал, вазабазухъ ругел тIугьдул. Гьезул халгьабиялда гьелъ бицана гьедин хIадурарал гIемерал сураталгун къайи-цIа сайгъатазе кьуниланги.

Гьединго, сакъатал лъималгун цадахъ Патайица гьарурал хIалтIаби гIахьаллъун руго Россиялдагун республикаялда тIоритIарал батIи-батIиял выставкабазда, конкурсазда ва гьезие гьенир дипломалги щун руго.

ГIезегIанаб заман бахъана дица Патайихъ гьоболлъухъ.

Гьай-гьай, жиндирго махщалил, гIаданлъиялъул, ракIбацIцIалъиялъул, гIадатго хьвада-чIвадиялъул ва цогидалги лъикIал рахъазул хIакъалъулъ гьелъ щибниги бицинчIо. Гьелдасан бичIчIунеб букIана гьелъул рекIелъ, сундаса букIаниги, чIухIи гьечIеблъи, гьей гIумруялъ гIадатайллъун, сверухъ ругезе пайда кьолейллъун йикIараблъи.

Унгоги, дица гIемер хал гьабулаан гьейгун росуцоязул рукIунел дандчIваязул. Гьелда аскIосан цониги чи къотIулароан гьелдехун кIалъачIого. Цоги, гIемерисел гьелде «Патай Забитовна»-янги абун руссунаан. Гьелдасанго бичIчIуна кинаб къадру-къимат росдал гIадамазда гьоркьоб гьелъул бугебали.

Патайил рукIарал цIалдохъабазда, гьезул умумузда, цадахъ хIалтIаразда ва гьейгун дандчIваразда лъала гьелъул ракIбацIцIалъи, хIалимлъи ва хIеренлъи, гьабулеб ишалде бугеб кIвар кьей, жавабчилъи ва гIаданлъи. ГIемерал соназ ракIбацIцIад, бажаризабун ва махщалида гIумруялъ хIалтIаниги, гьелъ гьелъухъ шапакъатал тIалаб гьаричIо, амма гьелъул руго батIияб заманалда кьурал рикIкIен гIемерал грамотаби ва Баркалаялъул кагътал.

Гьеле, гьединай йиго лъарагIазул яс ва магIарулазул нус Патай Забитовна Джайрулаева.

***Д. ГIАБДУЛАХIИТОВА***



# Вакцинация унеб буго

Нилъер районалда, тIадбан, унеб буго вакцинация гьаби. 8 сентябралде ругел баяназда рекъон, вакцинация гьабун буго 6000-ялде гIагарун чиясе. **«Гам-КОВИД-Вак»** вакцина хIалтIизабун буго 4359 чиясе, **«Спутник Лайт»** абуни, 1179 чиясе ва гьеб гьабизе бихьизабун буго коронавирусалъ унтун рукIаразе.

Вакцинация гьабиялъул рахъалъ цебесеб кьерда руго Дилим (647 чи), Ленинаул (250 чи) росаби ва п. Дубки (80 чи).

Специалистазул рагIабазда рекъон, унти нахъчIвазе ккани, районалъул гIадамазул 60-70 проценталъ вакцинация гьабизе кколеб буго. Районцоязде гьари буго, нужерго сахлъи цIуни мурадалда, вакцинация гьабиялъулъ жигараб гIахьаллъи гьабеян.

***НИЖЕР МУХБИР***

*15 сентябрь–Дагъистаналъул халкъ цолъиялъул Къо*

# Цолъиялъулъ - нилъер къуват

Дагъистаналъул халкъ цолъиялъул байрам ккола гIезегIанго «гIолохъанаблъун», тIоцебе гьеб тIобитIана 2011 соналъул 15 сентябралда. Щиб гIилла букIараб гьеб къо байрамлъун лъазабиялъе?

Тарихалдасан нилъеда лъала Индия, Афгъанистан мутIигIги гьарун, Иранальул шагь Надир Дагъистанги мутIигIаблъун гьабизе лъугьаравлъи. Жидеде тIаде бачIунеб балагь бичIчIарал дагъистаниял, цоцазде ахIиги бан, цолъула ва гьез 100 азарго рагъухъан вукIараб Надирил бо щущахъ биххизабула, дагьалъ хутIула живго Надирги асирлъуде ккечIого.



***Сураталда:*** *Надиршагь щущахъ виххизавураб бакIалда эхетараб «ВатIан» мемориалияб комплекс.*

Гьев щущахъ виххизавиялда гьоркьор рукIана Салатавиялъул гIадамалги. Гьесда аслияб кьаби щвезабула 1741 соналъул сентябралда. Гьелъул хIурматалда тIобитIула тIадехун рехсараб байрамги.

Узухъда, гьеб соналде щвезегIанги гIемерал тушбаби лъугьун рукIана Дагъистан мутIигI гьабизе (гIарабал, татарал ва гь.ц.), амма Надиршагьиде данде гIадин, цолъун, Дагъистаналъул миллатал рахъиналъул хIакъалъулъ ругел биценал, рахъарал кучIдул ва хъвай-хъваял гьечIо. Кин букIун батаниги, хIакъикъат цо буго-кинав вукIаниги тушманасда кIвечIо тIолабго Дагъистан ва гьелъул гIадамал мутIигI гьаризе.

Дунялалда цоги бакI гьечIо Дагъистан гIадинаб. ГьитIинаб нилъер ракьалда гIемерал гIасрабаз, цоцалъ рекъон, гьудуллъигун вацлъиялда яшав гьабун буго батIи-батIиял миллатаз ва гьезул къадар гIезегIанаб буго. Гемерал тушбаби лъугьун рукIана гьел цоцалъ разаризе, амма гьезда гьеб кIвечIо, щай абуни, нилъер умумузда лъалаан цолъиялъулъ гурони, къуват гьечIеблъи ва нилъеда тIадаб буго рачIунел наслабахъеги гьеб кьезе. Нилъер умумузда цIакъ лъикI бичIчIун букIана лъидаго раралльун рукIине бокьичIони, жидее эркенлъи бокьун бугони, цолъиялде ине кколеблъи.

Гьай-гьай, вацлъиялъулал бухьенал Дагъистаналъул миллатазда гьоркьор тIегьана Советияб властальул заманалда. Коммунистаз хIалтIизабулеб букIараб политикаялъул хIасилалда рана цIиял шагьарал, росаби ва гьенир цадахъаб яшав гьабизе лъугьана батIи-батIиял миллатазул гIадамал. ЦIикIкIана миллатазда гьоркьор ригьнал гьариги, гьелъги квербакъулаан бухьенал щула гьаризе.

Гьедин цолъиялда рукIинчIелани, кIвелаандай СССРалъул халкъалда фашистазулаб Германиялде данде чIезе ва бергьенлъи босизе?! Гьелда щаклъизе бачIуна.

Дагъистаналдаса 100 азаргоялдаса цIикIкараб къадар гIадамазул ана рагъде, гьезда гьоркьоса 43 чи вахъана Совет Союзалъул БахIарчилъун, 7 чиясе щвана лъабабго даражаялъул реццалъул орденал. ВатIаналъул цогидал шапакъатал щварал, щвезе рихьизарурал жакъаги ратулелги руго. Гьелдаго цадахъ, фронталъе хIажатабщиналъул кигIанаб къадар кьечIеб дагъистаналъулаз?

Рагъдаса хадусел соназ цолъун гурищ гIуцIарал Советияб халкъалъ чIунтун букIараб магIишат?! Цолъиялда букиналъ гуребищ нилъер халкъалъул рукIарал лъилниги рукIинчIел церетIеял?!

Цоги, дагъистанияз къо тIаде бачIараб заманалда жал цолъулел рукIин бихьизабуна 1999 соналъул август - сентябралда ккарал лъугьа-бахъиназда. Чачаназул рахъалдасан Дагъистаналъул ракьалде рачIарал халкъалдагьоркьосел ва законалде данде ккоралел яргъид гIуцIаразе бокьун букIана, жидерго доба гIадинаб гIадлу-низамги гьаниб бильанхъизабун, цадахъаб исламияб республика гIуцIизе, амма гьезул анищал хIорго хутIана. Миллат цIехечIого, цолъун ва къокъабго заманалда, гьел нахъчIвана, хадусан гьезул кинаб къисмат ккарабали нилъеда бихьизеги бихьана.

Нилъ чIухIараллъун рукIине ккола гьеб къеркьеялъулъ нилъер районалъул гIадамаз лъураб бутIаялдаса. Нилъ цолъун, гIумруялда барахщичIого, гIагараб ракь цIунизе хIадур рукIин бихьизабиялъин гъачагъал нахъе кьарал. Гьел нахъчIваралдаса 20 сонилаб юбилей тIубай гIезегIанго кIодо гьабуна нилъер районалдагун республикаялда. Нилъ кидаго чIухIараллъун рукIине ккола нилъерго халкъалдаса.

Пашман гьарула гьаб ахирияб кIиго соналъ гIемерал гIадамал гIахьал гьарурал тадбирал тIоритIизе бегьунгутIиялъ, гьелъие гIиллаги нилъ тIолаздаго лъала. Коронавирус унти тIибитIиялъ гIадамал цоцаздаса дагьалъ рикIкIад гьаруна, амма гьелда нилъер миллатазда гьоркьор ругел бухьенал тIезаризе кIвечIо ва кIвезеги гьечIо.

Гьал къояз нилъеца кIодо гьабизе бугеб байрамалъ жеги щула гьаризе ккола Дагъистаналъул миллатазда гьоркьор ругел вацлъиялъулал бухьенал, щай абуни, нилъер цолъи ккола киналниги церетIеязул кьучIлъун. Дагъистан нилъеде щвезегIан букIана ва хадубги букIина, амма гьеб кинаблъун букIине бугебали нилъеда бараб буго. Гагараб ракьалде рокьи жибго жиндасанго бижунаро, гьеб бижуна щибаб кьойилаб гIуцIиялъул хIалтIулъ.

Жакъа нилъер республика буго цIилъиялъулабгун цебетIеялъул нухда ва гьедин гьеб цебе иналъе хIажат руго: рекъел, цоцалъ рекъон хIалтIи ва цолъи. Гьел гьабулебщиналъул кьучIалъулъ гьечIони, цебетIей киданиги букIинеги гьечIо.

Ракълида, цолъигун вацлъиялда рукIин цIакъ хIажат буго нилъер районалъеги, щай абуни, гьанир цадахъаб яшавалда руго чачанал-ахъинцал ва магIарулал. Районалъул росабазул администрациябазда, цогидал гIуцIабазда ва жамагIатазда цебе чIараб аслияб масъала буго нилъер гIадамазда гьоркьоб цолъи, гьудуллъи ва рекъон хIалтIи щула гьаби, гьедин гьабиялъ гурони, районалда цебетIей букIинин абуралда щаклъизе бачIуна.

Киназего баянаб буго цо кьибилалдасан батIи - батIиял тайпабазул гъутIби рижунареблъи ва къотIараб гъотIол гIаркьел цIилълуларелъи. Божи лъола «цолъиялъул гьветI» къойидаса - къойиде щулалъизе ва «пихъ кьолеблъун» букIине бугеблъиялда, гьединго,тIадехун рехсараб байрамалъ нилъ цоцазда ричIчIиналде, ракълиде ва вацлъиялде рачине рукIиналда. Гьедин букIана ва, Аллагьас хъван батани, букIина!

**И. САЛИМХАНОВ**

*ДАССРалъе – 100 сон!*

## *«КечI ва хвалчен» театралияб церерахъиналда...*

ДАССРалъе 100 сон тIубаялъул хIурматалда нилъер районалда тIоритIана ва тIоритIулел руго гIезегIанал тадбирал. Гьезул цояблъун букIана, тIадехун рехсараб цIаралда гьоркь, 4 сентябралда районалъул халкъияб театралъул гIахьалчагIаз культураялъул Централда тIобитIараб церерахъинги.

Тадбир рагьиялъул кIалъаялда ЦТКНРалъул директор З. МухIамадовалъ ракI-ракIалъулаб баркала загьир гьабуна районалъул администрациялъе, хасго Х. Х. Мусаевасе, данделъаби тIоритIулеб централъул залалда лъикIаб капиталияб ремонт гьабизе квербакъаралъухъ.



Рехсараб церерахъиналда аслияв артистлъун М. Дудуев вукIаниги, гьелда гIахьаллъаралщиназ кIудияб асар гьабуна балагьаразул ракIазе. Чанго авторасул произведениябаздасан гIуцIараб гьеб спектаклалда, М. Дудуевас, жеги гIолохъанаб ригьалда вугониги, гьениб бихьизабуна цIубарав артистлъун жив кколев вукIин, гьеб бихьулеб букIана балагьаразул разилъиялъул хъатчIваялъулъ ва ахIиязулъ. Тадбир тIобитIана коронавирусалде дандечIеялъул къагIидабиги цIунун.

Данделъиялъул ахиралда М. Дудуевас ракI-ракIалъулаб баркала загьир гьабуна гьоболлъухъ рачIаразе.

Балагьизе рачIараз гьеб церерахъиналда гIахьаллъарал халкъияб театралъул артистал кIодо гьаруна халатбахъараб хъатчIваялдалъун, тIугьдуздалъун ва сайгъатаздалъун.

**М.-Ш.ГIАБДУЛАШИМОВ**

*Расул ХIамзатовасе-98 сон*

## *Кинабниги заманалъе шагIир*



Расул ХIамзатовасул хIакъалъулъ гIатIидаб баян кьезе ккеларо, щай абуни, «Дагъистан» абураб рагIи гьес тIолабго дунялалда рагIинабун букIиналъ. Гьесда бажарана, хасаб рокьиялдалъун, загьир гьабизе Дагъистаналде, гIумруялде ва инсанасде бугеб бербалагьи.

Нилъер районалъул гIадамал чIухIарал руго Расул цо чанго нухалда районалде щвеялдаса. Расул ХIамзатов гьавураб къо (8 сентябрь) кIодо гьабун, ЦТКНРалъул, районалъул централияб библиотекаялъул хIалтIухъабаз тIоритIарал тадбиразда бицана гьесул творчествоялъул бугеб кIваралъул, гьес Дагъистаналъул цIар тIолабго дунялалда рагIинабиялъул. Гьел тадбиразда гIахьаллъарал лицеялъул цIалдохъабаз гьенир рикIкIана Расулил бищунго цIар рагIарал кучIдул.

Гьединго, рехсарал хIалтIухъабаз гьениб бицана 1985 соналъ Расул районалде щвеялъул, гьевгун букIараб дандчIваялъул, гьенир гьез Р. ХIамзатовасул кучIдул рикIкIана, рихьизаруна гьесул гIумруялда хурхарал видеороликалгун слайдал. Районалъул росабазул культураялъул рукъзабахъ, библиотекабазда гIуцIун рукIана Расулил тIахьаздасан гIуцIцIарал ва гьесу творчествоялда хурхарал выставкаби ва гь.ц.

Къокъгьабун абуни, тIадехун рехсарал тадбирал рукIана ЮНЕСКОялъ лъазабураб Р. ХIамзатовасул Халкъалдагьоркьосеб «ХъахIал къункърабазул къоял» литературияб фестиваль тIобитIиялъулъ лъураб бутIалъун.

**НИЖЕР МУХБИР**

# Семинар – совещание тIобитIана




7 сентябралда лицеялда тIобитIараб семинар- совещание гIуцIаразул мурадлъун букIана 2021 соналъ тIоритIарал ТIолгороссиялъул халгъабиялъул хIалтIабазул ккарал хIасилазул ва цIияб цIалул соналъ (2021-2022сс.) районалъулгун республикаялъул олимпиадал гIуцIиялда тIоритIиялъул бицен гьаби. Гьеб кIвар цIикIкIараб данделъиялда гIахьаллъана лъайкьеялъул учреждениябаздаса рехсарал тадбирал, кколеб къагIидаялда, тIоритIиялъул жавабиял хIалтIухъаби.

Кинал рукIаниги къецазда гIахьаллъулел цIалдохъабазул хIалтIабазе битIараб къимат кьейи ккола цIакъго жавабияб ишлъун, щай абуни, гьелда бараблъун букIине бегьула гьезул хадусеб гIумру.

Ахириял соназ биологиялъул, химиялъул, физикаялъул, астрономиялъул, математикаялъул ва информатикаялъул олимпиадаби тIоритIулел руго «Сириус онлайн» системаялда.

Школазда тIоритIулел олимпиадазда гIахьаллъулезул къадар цIикIкIун букIин ккола рехсараб системаялда гьел тIоритIиялъул мурадлъун. Гьеб данделъиялъул гIахьалчагIаз хал гьабуна школазда олимпиадаби тIоритIиялъулъ рук1ине кколел киналниги рахъазул.

**Д. ГIАБДУЛАХIИТОВА**

Ниж-наркотиказде данде

# Эбелалъул гъалатI

Боголил как бан хадусан, какикьтIамалда тIадго чIарай ПатIимат ургъалил карачелаз кодой йосана. Подулаго, гьелъ Аллагьасде гьарулеб букIана жиндир цохIо вугев вас, кантIизавун, битIараб нухде ккезавейилан.

Гьедин гьелъ гьариялъе гIураб гIиллаги букIана. Вас Расул гьитIинго вукIаго, гьей росгун ятIалъизе ккана. Эмен тIад гьечIев Расулие гьелъ рекIел кинабго хинлъи кьуна. Гьелъ, жийго якъун ва ратIликкъго чIунги, Расулида эмен нахъ гьечIеблъи лъазе биччалеб букIинчIо.

Эбелалъ ПатIиматида гIемер абулаан: *«Дир яс, захIмалъаби лъазе риччачIого, гогьлъизавун, куцалев вуго дуца дурго вас. Ялагье гIадамаз лъимал куцалеб къагIидабазухъ, цого лъикIлъабаздалъун гIуцIараб гIумру букIунареблъи васасда бичIчIинабе. Гьедин гьабичIони, ахир- къадги, гьес мун «гьумер чIегIерлъиялде» цIазе бегьула»*,- ян.

Амма ПатIиматица эбелалъ абулеб гIадахъ босулароан. Гьелъ абулаан: *«Падамазул лъимал гIемер руго, дир цо гурони гьечIо. Дица жиндиего гьабураб лъикIлъи гьесда кIочене гьечIо»*,- ян.

Школалда цIали лъугIарав Расул, цо кинаб букIаниги махщел гьесие щвей мурадалда, эбелалъ цо чанго хIалтIуда жийго хIалтIунги, цIализе витIана. Гьев, вакъун - къечон щиб букIаниги гIоларого, ватилин ургъелаз кидаго ПатIиматие, рахIатги толеб букIинчIо. Гьес сундулниги ургъел гьабулеб гьечIеблъиялъ, щиб жинца абуниги, гьев гIицIго гьелда тIад велъанхъулев вукIиналъ ПатIиматида бичIчIинабуна жинца васасе мекъаб тарбия кьун букIин.

Ахирияб заманалда гьесул гIамал - хасият тIубанго хисун букIана. Къаси къватIиве лъугьарав Расул, рогьалилъ гурони тIадвуссунароан. Гьесул гьалгъараб балаялъ, рахъ - рахъалде вуссун халатккун, жиндирго пикрабалъ гьев вукIиналъ эбелалъе бицунеб букIана цо балагьалъукье вас ккун вукIин.

Цо сордоялъ, кьижун ккарав Расулил гъуждузул хал гьабулаго, гьелда васас наркотикал хIалтIизарулел рукIин бичIчIана. Чвахулаго магIугун, гьелъ хал гьабуна васасул чвантабазул. Гьелда гьенир цо киналалиго таблеткаби ратана.

«Огь, бухIаяб гIумру, гьаб гIакъубаги бихьун, жинцаго живго хвезавизейищ дица вас гIезавулев вукIарав»,- ан ракIалде ккарай ПатIимат рогьалилъ гурони, макьилъе ккечIо. Бакъул чIораз макьидаса йорчIизаурай ПатIимат вас вегун вукIараб рахъалде ялагьана, амма Расул гьенив вукIинчIо.

*«ГьадигIан радалго кив гьав киведай арав»*,- ан ракIалде ккарай гьелъул дагьалъги рахIат хвана, амма Расул къоялъ рукъове вачIинчIо. Сордо бащалъараб заманалда ПатIиматида нуцIа рагьулеб гьаракь рагIана. Гьелда бихьана цо лъицаялиго вачун вачIарав жиндирго вас нуцIихъ гIодов ккараблъи ва гьев, къедги ккун, тIаде вахъунев вукIин.

Вай, дир дарман, щай дуца дурго гIумру гьедин хвезабулебанги абулаго данде ячIуней эбелалда, *«Щай дуца дир чвантаби хъирщарал»*,- анги абун, Расулица гьелда къабула. Эбел гIодой ккола, гьелъул магIарзухъа би чвахула ва лъавудаса уней гьелда ракIалде ккола*: «Дица гIадан гурев, гьве гIезабун букIун буго»*,- ян.

**«Ахихъан» газеталда бахъараб макъалаялдаса босараб**

# ОМВД ИНФОРМИРУЕТ...

### Права наблюдателей и представителей средств массовой информации

Часть 1 статьи 5.6 КоАП РФ устанавливает ответственность в виде наложения штрафа в размере от пятисот до одной тысячи рублей на граждан и от одной тысячи до двух тысяч рублей на должностных лиц за нарушение прав наблюдателей, представителей СМИ на осуществление наблюдения и на своевременное получение информации и копий избирательных документов, получение которых предусмотрено законом.

Полномочия по возбуждению дел об административных правонарушениях, предусмотренных статьей 5.6 КоАП РФ, возложены на органы прокуратуры.

Следует учитывать, что права наблюдателей, представителей СМИ гарантированы законом.

**Наблюдатель вправе:**

- знакомиться со списком избирателей, сведениями об избирателях, подавших заявление о включении в список избирателей по месту своего нахождения, с реестром заявлений (устных обращений) о голосовании вне помещения для голосования;

находиться в помещении для голосования соответствующего избирательного участка в день голосования, в дни досрочного голосования в любое время в период, указанный в разделе 2 настоящей Памятки;

- наблюдать за выдачей избирательных бюллетеней членами УИК избирателям;
- присутствовать при голосовании избирателей вне помещения для голосования;
- наблюдать за подсчетом числа избирателей, внесенных в список избирателей, избирательных бюллетеней, выданных избирателям, погашенных избирательных бюллетеней;
- наблюдать за подсчетом голосов избирателей на избирательном участке на расстоянии и в условиях, которые обеспечивали бы ему возможность видеть содержащиеся в избирательных бюллетенях отметки избирателей;
- визуально знакомиться при подсчете голосов избирателей с любым заполненным или незаполненным бюллетенем, а также наблюдать за составлением УИК протокола об итогах голосования и иных документов в период, указанный в разделе 2 настоящей Памятки;
- обращаться с предложениями и замечаниями по вопросам организации голосования к председателю УИК, а в случае его отсутствия - к лицу, его замещающему;
- знакомиться с протоколами УИК, в которую он направлен, об итогах голосования, с документами, приложенными к протоколу об итогах голосования, получать от УИК заверенные копии указанных протоколов;
- носить нагрудный знак с обозначением своего статуса и указанием своих фамилии, имени и отчества, атак же фамилии, имени и отчества зарегистрированного кандидата, наименования субъекта общественного контроля, направивших наблюдателя в комиссию;
- обжаловать решения и действия (бездействие) УИК, в которую он направлен, непосредственно в вышестоящую ТИК или в суд;
- присутствовать при повторном подсчете голосов избирателей в УИК;
- осуществлять в помещении для голосования (с того места, которое определено председателем УИК) фото- и (или) видеосъемку, предварительно уведомив об этом председателя, заместителя председателя или секретаря УИК.

**Наблюдатель не вправе:**

- выдавать избирателям избирательные бюллетени;
- расписываться за избирателя, в том числе по его просьбе, в получении избирательного бюллетеня;
- заполнять за избирателя, в том числе по его просьбе, избирательный бюллетень;
- совершать действия, нарушающие тайну голосования;
- принимать непосредственное участие в проводимом членами избирательной комиссии с правом решающего голоса подсчете избирательных бюллетеней;
- совершать действия, препятствующие работе избирательной комиссии;
- проводить предвыборную агитацию среди избирателей;
- участвовать в принятии решений избирательной комиссией.

Представители СМИ, аккредитованные в соответствии с порядком, утвержденным постановлением ЦИК России от 19 апреля 2017 года № 80/698-7 (с изменениями, внесенными постановлением ЦИК России от 10 апреля 2019 года № 200/15357), вправе:

- находиться в помещении для голосования в день голосования, в дни досрочного голосования;
- присутствовать при подсчете голосов избирателей, а равно при повторном подсчете голосов избирателей;
- присутствовать на заседании УИК при установлении ею итогов голосования;
- производить фото- и видеосъемку в помещении для голосования в день голосования или в дни досрочного голосования, предварительно уведомив об этом председателя, заместителя председателя или секретаря УИК;
- знакомиться с протоколом УИК об итогах голосования, в том числе составляемым повторно;
- получать от УИК заверенные копии протоколов об итогах голосования

Дополнительно сообщаем, что нарушение законодательства при подготовке и проведения выборов и референдумов предусмотрено наказание в соответствии с Кодексом Российской Федерации об административном правонарушении.

**БетIерав редактор:** И.Б.Салимханов **55-48-94**
**Заместитель:** Д.ХI. ГIабдулахIитова
**Жавабияв секретарь:** М.-Ш.Э. ГIабдулашимов

**Мухбирзаби:** Ибрагьим Идрисов, Динара Батиева, Асият Дибирова
**Набор:** Меседо ХIайбаева
**Верстка:** Марьям АтавхIажиева, Зайнап ГIабдулмуслимова

Газета бахъизе байбихьана 1933 соналъул 15 апрелалда

Типографиялъул адрес: 367032, РД МахIачхъала шагьар Насрудиновасул къватI №61

Газета хIадур гьабуна редакциялъул компьютералъул цехалда. Графикалда рекъон, печаталде кьураб заман 16.00 ХIакъикъаталда печаталде кьураб заман 16.00

**Учредитель:** администрация МР "Казбековский район" Редакциялъул(издательствоялъул) адрес: РД, Казбек район, Дилим росу, 368140, Индекс: 51354 Тираж 1205, багьа - эркенаб

Газета зарегистрирована в Управлении Роскомнадзора по РД 19.05.2014 г. серия ПИ № ТУ 0500290

Макъалабазда рехсарал хIужабазул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб авторас кьола